**दिन–सोमवार** **दिनांक–16.09.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

स्वच्छता ही सेवा अभियान, दू हजार चौबीस काल्हि सँ शुरू होयत जे दू अक्टूबर धरि चलत। एहि वर्ष एकर विषय **स्वभाव स्वच्छता–संस्कार स्वच्छता** राखल गेल अछि। ई अभियान मे पर्यटन स्थल, सार्वजनिक भवन, व्यावसायिक क्षेत्र, जलाशय, चिड़ियाघर, अभ्यारण्य आओर सामुदायिक आ सार्वजनिक शौचालय सहित कतेको ठाम श्रमदान आओर सामुहिक रूप सँ पैघ स्तर पर साफ–सफाई कयल जायत। देशभरि मे केन्द्र सरकारक सभ मंत्रालय आओर राज्य दिस सँ एहि लेल कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जायत। ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार काल्हि हाजीपुर सँ राज्य स्तरीय **स्वच्छता ही सेवा अभियान** शुरू करताह। बिहार सुधारात्मक प्रशासनिक संस्थान मे आयोजित कार्यक्रम मे श्री कुमार स्वच्छता क्षेत्र मे बढ़ियाँ काज करयबला लोकसभ के सम्मानित सेहो करताह। एहि मौका पर साफ–सफाई कर्मी सभक लेल सफाई मित्र सुरक्षा शिविर लगाओल जायत जाहि मे हिनका सभक स्वास्थक जांच कयल जायत।

---

राजद नेता आओर पूर्व उपमुख्यमंत्री तेजस्वी यादव राज्य मे बेलगाम अपराध के लऽकऽ नीतीश सरकारक आलोचना कयलनि अछि। आइ मुजफ्फरपुर मे संवाददाता सभ सँ गापशप मे श्री यादव जनौलनि जे प्रदेशक डबल इंजन सरकार आपराधिक घटना पर अंकुश लगाबय मे विफल भऽ रहल अछि।

---

एम्हर, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा तेजस्वी यादवक बयान पर पलटबार कयलनि अछि। श्री सिन्हा शेखपुरा मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे राजदक शासनकाल मे अपराधी आओर भ्रष्टाचारी सभ के संरक्षण भेटैत रहल अछि।

---

प्रदेश मे पछिला चौबीस घंटाक बीच रोहतास, नवादा आओर जमुई जिला मे हल्लूक सँ मध्यम स्तरक बरखा भेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार रोहतासक संझौली मे सभ सँ बेसी बिरासी दशमलव चारि मिलीमीटर बरिश भेल अछि। ओतहि, जमुईक चकाई मे सतहत्तरि दशमलव दू, चेनारी मे अंठावन दशमलव चारि आओर भभूआ मे चालीस दशमलव आठ मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम विभाग पश्चिम बंगाल मे बनल निम्न दबाबक कारण अगिला चौबीस घंटा मे औरंगाबाद, रोहतास, गया, नवादा आओर कैमूर जिला मे किछु ठाम भारी बारिशक येलो अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि बीच राज्यक पश्चिमी आओर मध्य क्षेत्र मे तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा चलि सकैत अछि। विभाग एहि बीच नदी मे नाविक आओर नाव सँ यात्रा करयबला यात्री सभ के विशेष सावधानी बरतबाक लेल जनौलक अछि। ओतहि, राज्यक आनो–आन क्षेत्र मे बादल छाओल रहबाक संग–संग हल्लूक बारिश भऽ सकैत अछि। एम्हर, राजधानी पटना मे आइ भोरे सँ बादल छाओल अछि आओर थमि–थमि कऽ बरखा भऽ रहल अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे पछिला अड़तालीस घंटाक बीच भेल बारिशक कारण गंगा सहित कतेको बरसाती नदी उफान पर अछि। गंगा नदी मे उफान सँ बक्सर जिलाक पांच प्रखंड मे बाढ़िक खतरा बढ़ि गेल अछि। जिलाक चौसा, बक्सर, सिमरी, चक्की आओर ब्रह्मपुर प्रखंडक कतेको गाम मे पानि बढ़ला सँ प्रशासन राहत आओर बचाव टीम के तैयार रहबाक लेल जनौलक अछि। प्रशासन बढैत जलस्तर के देखैत नाव परिचालन पर रोक लगा देलक अछि। एम्हर, कैमूर जिलाक करकटगढ़ जलप्रपात पर पिकनिक मनाबय गेल सैलानी सभ कर्मनाशा नदीक जलस्तर बढ़ि गेला सँ फँसि गेल छलाह। बाद मे पटना सँ गेल एन.डी.आर.एफक टीम सैलानी सभ के सुरक्षित बाहर निकालि लेलक। ओतहि, औरंगाबादक कुटुंबा आओर अंबा प्रखंडक कतेको क्षेत्र मे बटाने आओर बतरे नदी मे उफानक कारण बाढ़िक पानि पसरि गेल अछि।

———————————————————————————

पैगंबर हजरत मोहम्मदक जन्मदिन ईद–ए–मिलाद–उल–नबी आइ धार्मिक श्रद्धा आओर आस्थाक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि मौका पर पैगंबर मोहम्मदक जीवन आओर शिक्षण पर मिलाद महफिल आओर सीरतक आयोजन कयल गेल अछि। मिलाद जुलूस सेहो निकालल जा रहल अछि। एहि अवसर पर  राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू शुभकामना दैत जनौलनि जे पैगंबर मोहम्मद सभ के प्रेम आओर भाईचाराक भावना आओर समाज मे समानता आ सद्भावक संग रहबाक संदेश देलनि। प्रधानमंत्री सोशल मीडिया पोस्ट मे समाज मे

सद्भाव आओर एकजुटता सदिखन बनल रहबाक कामना कयलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनौलनि जे पैगंबर हजरत मोहम्मद साहबक संदेश प्रेम, सहिष्णुता, शांति आओर विश्व बंधुत्वक छल। ओ लोकसभ सँ पारस्परिक सौहार्द्र, आपसी प्रेम आओर सहिष्णुताक संग ईद–ए–मिलाद–उन–नबी मनेबाक लेल जनौलनि।

———————————————————————

पूर्वी चंपारण जिलाक रक्सौल सँ पुलिस दस किला सँ बेसी चरसक संग एक सरकारी शिक्षक सहित दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। जब्त चरसक मूल्य एक करोड़ टाका सँ बेसी जनाओल गेल अछि। पुलिसक अनुसार गिरफ्तार तस्कर नेपाल सँ चरस आनि रहल छलाह। गिरफ्तार तस्कर मे सँ एक हरैयाक मध्य विद्यालयक शिक्षक शैलेन्द्र कुमार छथि।

———————————————————————

समाप्त